***Дерсым и темэр:*** *Глаголым и зэманхэр* (адыгэбзэм и псалъэ къэхъукIэр и лъабжьэу яджар къыщапщытэж урок)

***Урокыр зыхуэдэр:*** къэхутэныгъэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIыурэ ягъуэта щIэныгъэм щыхагъахъуэ

***Урокым и кIэм сабийм ягъуэтын хуей зыужьыныгъэр:***

***Сабийм и зэфIэувэныгъэм ехьэлIауэ (личностные):***

1) я бзэр ящIэу, хуиту ирипсэлъэфу, ирипсэлъэну хуейуэ щытын;

2) я бзэм и къулеягъым хагъахъуэ зэпыту щытын зэрыхуейр хьэкъыу япхыкIын;

3) дэтхэнэ бзэми зей лъэпкъым дежкIэ и мыхьэнэр мылъытэу зэрыщытыр, абы къыхэкIыу сыт хуэдэ лъэпкъыбзэми пщIэ хуащIын зэрыхуейр къагурыIуэн;

***Метапредметнэхэр:***

1) езыр-езыру щIэныгъэ зрагъэгъуэтыным иIэ Iэмалхэр къащIэн;

2) темэ хэхамкIэ материалхэр зэрагъэпщэфын, я Iуэху еплъыкIэр ягъэбелджылыфын;

3) бзэм и хабзэхэм щыкIэлъыплъкIэ, адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ щекIуэкI Iуэхугъуэхэр зэрагъэпщэфын, зэрызэщхьымрэ зэрызэщхьэщыкIымрэ зэхагъэкIыфын.

***Предметнэхэр:***

1) глаголым и зэман формэхэм теухуауэ яIэ щIэныгъэр къэпщытэн,егъэбыдылIэн;

2) зэрыт щытыкIэм елъытауэ псэлъэкIэр къыхахыфын;

3) фонетикэ, лексикэ, грамматикэ и лъэныкъуэкIэ ядж бзитI зэрагъэпщэфын;

4) адыгэбзэм и литературнэ мардэхэм тету я псалъэкIэр яухуэфын;

5) псалъэхэр зэрызэхэт IыхьэкIэ зэпкърахыфын, псалъэ къигъэхъуу хэува Iыхьэм хилъхьэ мыхьэнэщIэр къахутэфын;

6) псалъэщIэхэр псалъэ зэпхам, псалъэухам къыщагъэсэбэпыфын.

7) ижь-ижьыж лъандэрэ лъэпкъым къыдекIуэкI псалъэжьхэм я мыхьэнэр къагурыIуэу, ар зыхалъхьэу гъэсэн.

***Ядж предметхэм щыщу дерсым къыхэлъытар:*** адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ я псалъэ къэхъукIэмрэ къэгъэсэбэпыкIэмрэ

***Нэхъыщхьэу дерсым хэлъын хуей гупсысэр:*** дэтхэнэ бзэми щытыкIэ нэхъыщхьэу иIэр езым и кIуэцIкIэ псалъэщIэ къызэрыщыхъур, ахэр къэзыгъэхъу Iэмалхэр зэриIэрщ.

***Дерсыр зытещIыхьар, абы и къызэгъэпэщыкIэр:*** сыт хуэдэ бзэми пщIэ хуащIу, я анэдэлъхубзэр ящIэу, нэгъуэщI бзэхэри ящIэну хуейуэ гъэсэн.

ЕджакIуэхэм я лэжьэкIэр: гупурэ, щхьэ закъуэ лэжьыгъэурэ къызэгъэпэщын.

***Дерсым егъэджакIуэм къыщигъэсэбэпыр:***

1. ХьэцIыкIу Р.А. Учебнэ-методическэ пособие «Адыгэ псалъэ», 5-7 классхэм папщIэ
2. Адыгэбзэм и псалъалъэ
3. Шекихачева М.Ш. «Русское слово» для 5-7 классов
4. Интерактивнэ доска

**Урокым и екIуэкIыкIэр:**

- Нобэ глаголым и зэман формэхэм теухуауэ тщIэр къэтпщытэжынщ, сыт щыгъуи хуэдэу ди лэжьыгъэр къызэдгъэпэщынщ псалъэ къэхъукIэр и лъабжьэу.

1) Иджыпсту доскам ит псалъэжьхэр зэфIэдывгъэгъэувэж:

Делэм сэ сыфIокI, …

Гуапагъэр мащIэти, …

ФIым фIы къыпэкIуэнщ, …

…Iейм Iей пэкIуэжынщ.

… жагъуагъэр текIуащ.

…губзыгъэр езыр къысфIокI.

Девгъэплъыт глаголым и зэман формэхэр сыткIэ къэгъэлъэгъуа хъууэ пIэрэ урысыбзэм?

(Урысыбзэм глаголым и блэка зэманыр къэгъэлъэгъуа мэхъу суффикс –**л** –кIэ, ит зэманыр – спряженэм и кIэуххэмкIэ, къэкIуэну зэманыр – приставкэхэмкIэ е глагол дэIэпыкъуэгъухэмкIэ)

2) Псалъэжьхэм къарыкI мыхьэнэр жыдывгъэIэ, гъащIэм ахэр гъуэгугъэлъагъуэ щытхуэхъун хуэдэу.

(Псалъэжьхэр я мыхьэнэкIэ зэпкърах)

3) Псалъэжьхэм хэт глаголхэр къыхэдывгъэтхыкIи зэрыт зэманхэр дывгъэубзыху, ахэр къэзыгъэлъагъуэ аффиксхэр къыхэвгъэщ.

(къыхатхыкI: **сыфIокI, къысфIокI, текIуащ, къыпэкIуэнщ, пэкIуэжынщ)** СыфIокI, къысфIокI – ит зэманщ, ит зэману зэрыщытыр префикс **о** - м къегъэлъагъуэ.

КъыпэкIуэнщ, пэкIуэжынщ – къэкIуэну зэманщ, къэкIуэну зэману зэрыщытыр суффикс **н** - м къегъэлъагъуэ.

ТекIуащ – блэкIа зэманщ, суффикс **а** - мкIэ къэгъэлъэгъуа мэхъу.

4) Антоним зэхуэхъу псалъэхэр къэдывгъэгъуэт, ахэр къэзыгъэлъагъуэр къыжыфIэ.

СыфIокI – къысфIокI

КъыпэкIуэнщ - пэкIуэжынщ.

5) Усэ цIыкIум хэт глаголхэр сыт хуэдэ зэманым ит? Ар сыткIэ къэгъэлъэгъуа хъуа?

ЛIыжьхэр жьакIэм толъэщIыхь,
ЛIыжьхэр лIыгъэм топсэлъыхь:
«ЛIыгъэм,- жаIэ,- лIыр къыдех,
ЛIыгъэншагъэр напэтехщ».

(ТолъэщIыхь, топсэлъыхь, жаIэ, къыдех – глаголхэр ит зэманым иту къэкIуащ.)

**6) ТолъэщIыхь, топсэлъыхь** псалъэхэм я къэхъукIэр IуэхугъуиплIымкIэ къэгъэлъэгъуэн, я къэхъукIэм зэщхьу хэлъыр наIуэ къэщIын.

7) **ЛIыгъэншагъэ, лIыжь** псалъэхэм я псалъэ къэхъукIэ цепыр къэгъэлъэгъуэн.
(лIы – лIыгъэ-лIыгъэншагъэ
лIы-лIыжь)

8) **ДжэгукIэ «*Лейр къэвгъуэт*»**

*Стхащ, жеIэ, укъеджащ, къыкъуэкIащ* ***(жеIэ)***
*КIуэнущ, къритхыкIынущ, укъофэ, сыкъеджэнущ* ***(укъофэ)***

*Къегъэлъагъуэ, иретхэ, трисащ, къокIуэ* (***трисащ***)

9) Иджы мы тхыгъэ цIыкIум делэжьынщ.

Пщы Нэнау къокIуэж Бажэм деж.

- ФIыкIэ…-жи абы.

- ФIыкIэ,-жи Бажи. – Си щэхури мис, ар тыншу къыбгурыIуэнущ: гур мыплъэмэ, нэм илъагъуркъым.

- Гур мыплъэмэ, нэм илъагъуркъым, - жи Пщы Нэнауи, нэхъыфIу игу ириубыдэн щхьэкIэ.

- Цыхум игу ихужащ а пэжыр, жеIэ Бажэ, - ауэ уэ зыщумыгъэгъупщэ: уэ бгъэсахэм я гуэныхь къыптохуэ. Уэри уи розэм и гуэныхь стелъщ, - жи пщы Нэнауи , нэхъыфIу игу ириубыдэн щхьэкIэ.

*Сент-Экзюпери Антуан де. Пщы Нэнау. Нало Заур* къызэриIуэтэжамкIэ.

-Тхыгъэ цIыкIум мыхьэнэ нэхъыщхьэр къэзыIуатэр къызыхэщ псалъэухахэр къыхэгъуэтэн, я мыхьэнэр къазэрыгурыIуэр къыжаIэн

( - **Гур мыплъэмэ, нэм илъагъуркъым.**

- **Уэ бгъэсахэм я гуэныхь къыптохуэ**)

**- Ахэр урысыбзэм зэрыщыжаIэм дыкъевгъаджэ (интерактивнэ доскам итщ):**

- *Чего не увидишь сердцем, глазами не увидишь.*

- *Мы в ответе за тех, кого приручили.*

- **Илъагъуркъым, къыптохуэ** глаголхэр зэрызэхэт IыхьэкIэ зэпкърыхын, зэрыт зэманыр къыжыIэн.

- **Урокым щащIар къызэщIакъуэжын**.

**- Унэ лэжьыгъэ етын (къэхутэныгъэ лэжьыгъэ)**

БзитIми (адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ ) глаголым и зэман формэхэм я къэхъукIэр щызэгъэпщэн, щапхъэкIэ къагъэлъагъуэурэ.